

REGIPIOEN LENGGANAN  
SWARA - TAMA :

1 taon . . . . .	f 6.—	} njoewoen ka- bajar roemijin.
1/2 " . . . . .	f 3.—	
3 woelan . . . . .	f 1,50	

Kénging mbajar saben woelan )

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja . . . . .	f 36.—
1/2 " . . . . .	f 18,65.
1/4 " . . . . .	f 9,75.
1/8 " . . . . .	f 5,25.

Saladjengipoen : saben 1 cm<sup>2</sup> . . . . . f 0,03;  
sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premili alit - alitan : f 1.—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-  
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag  
roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal sabén dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:  
A. DJAJASEPOETRA.  
kabantoe  
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrésipoen Redactie lan Administratie  
IGNATIUS - COLLEGE  
DJOKJAKARTA  
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canstius„ Djokja.

### N. I. O. G. MANGSAH JOEDA. P. G. H. B. KA - ANGGÉ MARGI.

(Wangsoelan dateng sadèrèk P. S. Atmosoedarma ing Swara-Tama no. 9).

Wonten Sw. - Tm. no. 9 kadang kita P. S. Atmosoedarma ananggapi panjarowé koela dateng tindakipoen P.G.H.B. kala konggrès kapengker poenika: déné poeroen dados wodipoen N. I. O. G. anjebar boekoe ingkang nglawan confessioneel onderwijs; ing mangka P. G. H. B. makaten babadan ingkang (kadang *neutral*). Sanget ing panjoewoen koela! Koela mangertos: kadang Atmosoedarma poenika prijantoen ingkang *ketjaket* sanget ing P.G.H.B. Amila swantenipoen kaseboet ing Sw. Tm. no. 9 waoe *kénging kita anggep (kados-déné)* swanten saking P. G. H. B.

Atoer wangsoelan koela makaten:  
I. *Inggang magepokan kalijan P. G. H. B.*

a. Manoet katranganipoen kadang P. S. Atmosoedarma, indakipoen P. G. H. B. babagan poenika, boten kasengadja, boten nglegéwa; onbewust. Sokoer manawi temen makaten.

Sadèrèk P.S.A. bokmanawi taksih kéngetan atoeripoen A. S. D. kala samanten (wonten konggrès) dateng sariranipoen. Kala samanten koela njoekani katrangan: „Panedanipoen N. I. O. G. poenika naté karembag wonten parepatan Verbondsbestuur. Warga V.B. inggih sampoen wonten ingkang maos. Nanging Verbondsbestuur gadah kajakinan: *boten wonten baloeng-rinipoen*, manawi P. G. H. B. anjebar boekoe waoe.” Katrangan poenika pikantoe koela saking prijantoen ingkang kénging pinitados. Nanging sinten, boten badé koela pratélakaken.

Sapoenikanipoen, sadèrèk P.S.A. saged soeka katrangan bilih boekoe waoe, woenipoen *dèrèng ngantos kawaos* ing Verbondsbestuur. Anggènipoen sadèrèk Atma saged soeka katrangan makaten poenika, mestinipoen sasampoenipoen tampi katrangan saking koela ladjeng pados katrangan pijambak. Katrangan kalih poenika, poendi ingkang leres koela soemanggakaken dateng para maos.

Sapoenika koela *anggep kema-won* katranganipoen sadèrèk P.S.A. ingkang leres. Dados boekoe waoe sadèrèngipoen boten kawaos roemijin ing Verbondsbestuur. Ing ngriki ladjeng tétéla sanget „raos gadah tanggelan” (verantwoorde-lijkheidsgevoel) ingkang doemoe-noeng ing Verbondsbestuur kala samanten boten patos kandel. Prakawis poenika perloe koela tjatet ing ngriki, ing pangangkah kénginga kanggé *pe-pengetipoen sadaja kema-won ingkang njepeng kemoedining pakempalan*.

b. Verbondsbestuur sampoen ngroemaosi lepatipoen, sarta pangarsa P. G. H. B. sampoen neda moegi boekoe-boekoe waoe ka-anggepa boten wonten lan kaanggepa boten kasebar; alijas poeroenipoen P. G. H. B. njebar boekoenipoen N. I. O. G. katjaboet.

Dateng tjiang ingkang awatak satrija: poeroen ngakeni lepatipoen samangsa lepat, poeroen neda pangapoenten samangsa kléntoe, . . . poenika kita kedah angaosi. Samanten oegi dateng P.G.H.B. ingkang sampoen ngakeni lepatipoen.

Nanging sadaja kema-won mesti boten badé emoh ngakeni dateng leresing atoer koela ing ngandap poenika:

„Sanadjana P. G. H. B. wis ngakoni loepoeté, sanadjan gelemé njebar boekoe maoe wis ditjaboet, ning tetep ana golongan sing *kapitoenan gedé*, jakoe golongan confessioneel onderwijs.

c. „P.G.H.B. sampoen neda pangapoeten. Poenapa A.S.D. sagolonganipoen boten poeroen gentos ngapoenten dateng tjiang ingkang

sampoen kedowoeng?” Makaten pangandikanipoen kadang kita P.S.A.

Wangsoelan koela: „Dengan segala soeka hati, saudara, itoe kami ma'afkan!” Nanging, sadèrèk P.S.A. kedah angèneti oegi: *kita golongan confessioneel onderwijs sampoen kapitoenan ageng*.

Kaparenga atas namaning confessioneel onderwijs kalangan Katholik, koela njoewoen pirsadate ng sadèrèk Atma:

„Rèhné marga saka panggawéné P. G. H. B. anggoné gelem mèloe njebaraké boekoené N. I. O. G. maoe golongan confessioneel onderwijs *saja gedé kapitoenané*; mangka P. G. H. B. ija wis ngakoni loepoeté; saikiné, *apa kang bakal ditindakaké P. G. H. B.* soepaja kapitoenané golongan confessioneel onderwijs maoe bisa *soeda, moerwat* karo kapitoenané kang marga saka panggawéné P. G. H. B. enggoné gelem dadi dalané N. I. O. G. anjebar boekoe maoe? Dadi golongan confessioneel onderwijs bakal oleh *semboelih* apa saka P. G. H. B.?”

Kita kepéngin sanget pikantoe katrangan bab poenika.

d). Pangadjeng-adjengipoen kadang P. S. A. prakawis poenika sageda kasirep samanten kema-won, sampoen ngantos kalebet ing babasan: „*emprit aboentoet bedoeg*”. Pandjenenganipoen sagah ngoerban-aken sariranipoen, bekerdja keras, samangsa ing tembé wingking P. G. H. B. njata ngrentjangi N. I. O. G. agengipoen merangi confessioneel onderwijs.

Wangsoelan koela: „Koela memoedji sageda prakawis poenika *énggal sirep*.” Sadèrèk P.S.A. ingkang kalebet oegi pradioering confessioneel onderwijs, mesti inggih gadah anteping satrija: „*boten badé njirep prakawis perloe ingkang damel pitoenèng golongan pijambak, manawi kapitoenané waoe dèrèng pikantoe lelintoe ingkang moerwat*”. Inggih poenapa boten saodera P. S. A.? nganteipi anggèndu pandjenengan dados tamtamaning confessioneel onderwijs, pandjenengan pantes mangsah joeda, ngantos kita saged pikantoe lilintoening kapitoenan kita saking P. G. H. B. Koela pitados, kandelang raos confessioneel onderwijs, ingkang doemoe-noeng wonten ing pandjenengan; wéla-wélaning pangertos pandjenengan bab confessioneel onderwijs; agenging katresnan dateng confessioneel onderwijs; badé andjalari pandjenengan anglaboehi sadèrèk-sadèrèk pandjenengan ing confessioneel onderwijs, sagedipoen pikantoe lilintoening kapitoenanipoen saking P. G. H. B. Inggih poenapa boten? Ajo, berdirilah toean Atma dimoeka kami, kibarkanlah bendera confessioneel onderwijs, madjoelah oentoek keperloean kami, madjoelah hingga terdapat oleh kami soeatoe pengganti keroegian jang setimpal! Itoelah pengharapan kami, dengan sepenoeh-penoehinja pengharapan, saudara Atma!”

II. *Magepokan kalijan pakempalan goeroe golongan Katholik.*

Preloe katerangaken ing ngriki bilih prakawis ngadegaken pekempalan goeroe golongan Katholik Indonesièr poenika *dédé oesoelipoen A. S. D.* Dados kadang P. S. A. sampoen seling serep. Wonten Sw. T. no. 7. koela namoeng njarijos-aken: „sasampoenipoen njoemerepi kawontenan makaten ing salebte-*ipden* P. G. H. B. *panginten koela*, kantja goeroe golongan Katholik ladjeng roemaos ambetahaken wontenipoen pakempalanipoen kantja goeroe Katholik Indonesièrs. Saladjengipoen koela *angènetaken* wi-

dji ngadegaken pakempalan poenika kala gangsal taonan kapengker sampoen wonten.

Éwadéné pitakénan 17 bab saking kadang P. S. A. pantes sanget kita kepèki kanggé oelar-oelaring pangrembag samangsa *tembé wingking* wonten kadang kita Katholik ingkang badé nggesangaken widji ngadegaken pakempalan goeroe Katholik Indonesièrs.

Nanging wonten prakawis ingkang kedah dipoenpèngeti sadèrèk P. S. Atmosoedarma toewin prijantoen sanès-sanèsipoen, i. p.:

Oepami kita Katholik Indonesièrs ngedegaken pakempalan pijambak poenika kita boten kénging kalepatan, awit, *kabetahan kita babagan Confessioneel onderwijs pantjen boten saged karembag* wonten P. G. H. B. Anggènipoen boten saged karembag wonten P. G. H. B. poenika inggih dédé lepatipoen P. G. H. B. Djer P. G. H. B. pantjen kedah *neutral*. Lan, . . . saopami kelampahan ngedegaken, poenika boten namoeng margi wonten lalampahan brochure N. I. O. G. Djer sadèrèngipoen wonten lalampahan brochure N. I. O. G. widji makaten waoe sampoen dipoentanem.

Kedjawi poenika kanggé wiwitan, *kinten koela* kita namoeng saged ngedegaken pakempalan goeroe Katholik Indonesièrs ingkang njamboet damel wonten *Missie*. Rèhné *wekdal sapoenika* ing kalangan kita sasampoen koela pantjen *boten wonten* rembag ngedegaken P. G. K. I., mila rembag ingkang ngéngingi prakawis poenika prajogi katjontel semanten kema-won. Inggang perloe kawangsoelan sadèrèk P. S. A. rembag I pérangan c. Koela adjeng-adjeng sanget!

A. S. D.

### PRADJA RAHAJOE.

NANGGAPI: „PADJAR BARA”

Njambeti karangan ing Swara-Tama no. 7; 13 Februari, ingkang atitel „Padjar Bara” soerosipoen kirang langkoeng makaten:

K. W. Bara ingkang madegipoen saprika-saprika poenika dèrèng toemandang poenapa-poenapa, jèn ngaten rak prajogi dipoenjoeraken ngidoel kema-won (dipoenpedjahi) ladjeng dipoenjoeraki, hiep, hiep-hoer! Ah! koela kok memelas ta! Lé keras koewi nèh! Bok inggih ngapoenten dateng sesami. Tjiang toemandang ngaten rak nganggé antjantj, kados tjiang badé mentjolot.

Tjiang tani, poenika ing wiwitaning mangsa rendeng inggih klik-klikan badé *toemandang* njamboet damel anggarap sabin. Éwasamanten jèn djawahipoen ladjeng staking ngantos ± 2 woelan, kantja tani rak kepeksa moendoer, boten sijos toemandang.

Mila sampoen kesesa soerak, mesakaken ingkang dipoenjoeraki. Lha rak kewirangan! Tjiang soerak ngaten gampil, tanpa ragad saged soerak, tanpa mikir saged soerak. Tjekakipoen njambat tjiang langkoeng kema-won poeroen. É, kedjawi ta, jèn tjiang pedjah, poenika boten saged soerak.

Nanging sanadjan soerak poenika gampil, meksa nganggé sabab. Sabab poenapa teka njoeraki? Poenapa: „Padjar Bara” boten seneng dateng K. W., é kedjawi ta jèn mekaten. Poenapa: „Padjar Bara” tresna dateng K. W.? Jèn tresna sampoen njoeraki. Ngretos ingkang dipoenjoeraki kirang saras, inggih dipoendjampèni manoet kabetahanipoen; tegèsipoen sakit korèngan sampoen dipoenombèni oeroes-oeroes.

K. W. dèrèng tandang poenika temtoenipoen rak wonten sabab, nanging anèh jèn tanpa sabab. Pakempalan K. W. waoe madegipoen rak dipoen moepakati tjiang katah, dipoendjoeng ing nalaripoen tjiang katah (tjiang-tjiang ingkang dipoen-

klempakaken déning Comité). Poenapa tjiang katah waoe nalaripoen keblowok sadaja? Kinten-kinten kok inggih meksa boten. Saboten-botenipoen pikiranipoen tjiang katah.

Menggah woedjoeding pakempalan poenika koela oepamékaken pit (fiets), oepami kema-won pit énggal (anjar) saking toko. Warga-warga pangreh poenika setang (stuur) warga-warga sanès inggih péranganipoen pit, sanèsipoen setang. Kapi-noedjon kantjinging setang dèrèng dipoenkantjingaken (dèrèng dipoensekroepaken); dados setang waoe sanadjan dipoeningar-inger inggih namoeng lera-lera kema-won, loenje, boten saged ménggok, djalaran dèrèng gandeng kalijan porok ngadjeng. Poenapa setangipoen ingkang awon? Boten, poenggawa bingkil ing toko ngriko ingkang lepat, kirang titi, kesoepean ngantjing koentjinipoen setang. Pit makaten namoeng saderma mlampah, ingkang nanggal saéning garapan tjiang ingkang atrap. Jèn sekroep-sekroep pit ing kadamel logro sadaja, pitipoen inggih boten kénging dipoentoempaki. Mekaten poenika sanépa koela bab kempalan dèrèng poeroen tandang. Tjotjog lan botenipoen soemangga.

Noewoen *Triangga*.

### DJAGAD WANITA.

PANGGOELA WENTAHING WANITA.

Sesorahipoen rara F. Soetjem oetoesan W. K. Solo wonten konggrès P. W. K. kala 15-2-31. (Sambetipoen Sw. T. no. 9).

Para sadèrèk.

Kados makaten pamanggih koela ingkang perloe-perloe prakawis panggoela wentahing wanita.

Nitik andaran kala waoe, koela ngertos bilih wanita perloe madjeng, nanging ing saladjengipoen mangertos oegi bilih koewadjabaning wanita poenika béda lan prija.

Mila nggoemoenaken, manawi wonten voorstanderipoen bab laré djalar lan éstri tampi opvoeding sesarengan lan pangadjaran ingkang sami, namoeng mligi ngoepados kapinteran, dados boten njekapi kados atoer koela inggihgil poenika.

Kadjawi poenika wontenipoen tatanan tjampoeran, (wontenipoen Coeducatiestelsel) boten namoeng adamel pitoena; toemraping laré éstri boten saged sinaoe prakawis-prakawis ingkang salaras kalijan koewadjabaning ing tembé wingking, nanging tiningalan mawi katja mripat kasoelasan inggih kirang njenengaken.

Katah para ahli panggoela-wentah ingkang boten njaroedjoeki lan wontenipoen tatanan tjampoeran poenika.

Kados déné ingkang sampoen toemindak ing tanah Indonesia ngriki, kita mangertos bilih negari nganggé tatanan tjampoeran poenika waoe!

Mila para sadèrèk!

Wontenipoen tatanan tjampoeran ing tanah Indonesia ngriki, ndjalari kirang madjenging golongan wanita, djalaran ladjeng katah tjiang sepoeh ingkang boten poeroen njekolahaken anakipoen, kabekta saking koewatos manawi soeda inggiling kasoelasanipoen lan malih boten poeroenipoen njakolahaken waoe sok oegi kabekta goeroenipoen djalar.

Dados nitik poenika tjiang ing riki ngadjeng-adjeng sanget wontenipoen mligi Meisjes-onderwijs! Makaten oegi nitik ingkang sampoen toemindak, wontenipoen pamoelangan ingkang mligi kanggé laré éstri ingriki sanget dipoenadjengi ing bangsa kita.

Mila koela sanget ngroedjoeki dateng actienipoen P.P.I.I. ingkang njoewoen dateng Pamaréntah tambahing pamoelangan éstri kanggé tanah Indonesia, ingkang panjoewoenan waoe tampi kasagahan saking Pamaréntah oegi.

Makaten oegi koela sanget ngadjeng-adjeng moegi-moegi P. W. K. toewin W. K., W. K. toemoet djoemangkah wonten ing onderwijs-actie,

### ISINIPOEN.

N. I. O. G. mangsah joeda — Nang-gapi Patjar Bara — Djagad wanita — Bangoen rahina — H. I. S. Trijasa — Temboeng arwah — Sakit oentoe — Goentingan pers — Tetroeka margi redi Merapi — Ontjen sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

### GOENTINGAN PERS.

Manawi journalist boten ngertos basa Djawi . . .

Wonten Goentingan Pers Sw. T. no. 6, Prendjak Mataram damel djéwéran prakawis watak Inlander, mawi nggepok toewan Saroehoem tilas korèktor Sedio Tomo ingkang sapoenika wonten médja rédaktoer Warna-Warta. Ing ngandap poenika goentingan correspondentienipoen *Warna Warta* 20/2 '31 dateng Swara Tama, makaten: (dojoning aksara déning koela — Pdj. Mtr.)

Dateng goentingan kolom dari Swaratama ada dikirimken kepada kita. Tapi sajang kita *tida mengerti*, sebab itoe goentingan *ada bahasa Djawa*. Kendatipoen kita mangarti apa maksoednja, tapi kita sajang sekali, soerat kabar Keristen . . . jang kalantja tjinta sama Jesus Kristoes, omongannja ada begitoe *kotor*, sehingga kita kebratan boeat menjedekahkan kita poenja boeah tagnan boeat itoe koran jang ikoet-ikoetan. Apa lagi kita kenal dengan itoe orang . . . jang akoe provincialistisch dan agamaisitisch . . . dan boeat kedoea kali kita bilang traferdoeli . . .

Boeat saja dikataken, anak Sumatra . . . memang, tapi dalem ke Indonesiah, ilang Sumatra dan Djawa, dan ilang Kristen dan Islam, melaeuken Indonesia Raja. Barang siapa jang *menganggep orang Sumatra orang Djawa enz.* inilih orang jang belon patoet didoedoeken di djaman sekarang, kolot semata-mata dan ini tida kita herankan, sebab jang menoelis itoe ada beberapa dari Kristen DJAWI.

Kaloe orang Dajak maoe apa?

Ladjeng; Warna Warta 26 Febr. 31, (rubriek Podjokan) ingkang asesinglon *Si Koenjoek* ngalem awaké déwé sarana njarijosaken bilih artikel-artikelipoen dipoenalem ing para maos Warna-warta. Sarta ngantos pikantoe serat pombombong saking journalist ing Soerakarta soepados saja mepeng, lan poeroena ngènetaken dateng para journalisten ingkang namoeng gagah wonten ing nama, ning pandamelanipoen ngleler, sarta temboeng-temboengipoen amat kotor. Si Koenjoek ladjeng soeka wangsoelan: *Koenjoek tida sanggep boeat perbaekin soera-soera Journalistiek* ( . . . . . ) Tapi kaloe jang dibawah Koenjoek kepinterannja, brani sadja kasi tegeoran, seperti *Soeka Tandak*, (kadjengipoen: Sedio Tomo — Prendj. Mtr. —), *Swara Tama*, *Oetoesan Soematra* dan *Pertja Selatan*.

\*\*

La, la, poenika awonipoen journalist boten ngertos basa Djawi, mangsoeli swanten ing koran Djawi. Ladjeng noendjang-noendjang kados kindjeng tanpa sotja. Temboeng koela ingkang kawastanan *kotor* poenika gèk ingkang poendi? Inggang mestani (nganggep) orang Soematra orang Djawa poenika gèk oekara ingkang poendi? Kalijan malih anggènipoen namoeng wantoen kasih tegeoran dateng koran ingkang *ka-anggep* kawon pinter kalijan badanipoen poenika kénging kanggé titikan sapinten bobotipoen journalist waoe.

Mila boten wonten preloenipoen mangsoeli katah-katah dateng journalist ingkang *bodo basa Djawi* nanging koemasis waoe! Tjekap dipoentjap kema-won mawi temboengipoen Krekets — Komidi — Omong gadahanipoen *Bintang Timor* kala damel wawasana prakawis journalist Saroehoem waoe, i. p. „journalist brutaal. Lan bab brutaaliteit Saroehoem pantjen djempol!”

Sapoenika saja katingal anggènipoen *inggil* kwaliteitipoen! Siapoeoet? *Prendjak Mataram*.

ingkang ladjeng toemoet nandang  
„Meisjesonderwijs” toemoet  
mitoeloeni bangsa kita wanita,  
moerih tampia pangadjaran ingkang  
salaras kalijan koewadjaban ingkang  
kedah katindakaken ing tembé wing-  
kingipoen, wasana ndjalari oegi  
madjenging bangsa kita Indonesia  
sasedajanipoen.

Namoeng poenika atoe koela  
(Minggoe ngadjeng kasambetan  
sosorahipoen oetoesan W.K. Ma-  
taram. Red.).

### KONGGRES WANITA ING LAHORE.

Oetoesan dateng Lahore sampoen  
wangsoel. Manoet katranganipoen  
oetoesan, anggènipoen mrika poe-  
nika ketjelik. Konggrès waoe  
dédé konggrèsipoen Wanita Asijah.  
Nanging konggrèsipoen Wanita In-  
gris; konggrèsipoen kaeom poetri  
Asijah theosofie. Ngèngeti konggrès  
waoe dédé konggrèsipoen poetri  
Asijah ingkang sedjati, boten  
gadah dadasar „madeg pribadi,”  
oetoesan Indonesia ladjeng boten  
poeroen tjampoer kalijan konggrès  
waoe. Datengipoen wonten kong-  
grès namoeng mertamoe. Makaten  
ringkesaning verslag Lahore ingkang  
kawrat wonten ing serat-serat kabar.

Awawaton verslag poenika, serat-  
serat kabar ing ngriki katah ingkang  
netah dateng tindakipoen Hoofdcomité  
Lahore margi toemindak groe-  
sa-groesoe, kesesa.

Nanging *Deli Courant* pikantoe  
katranganipoen *Dr. Henny* ingkang  
mentas dateng saking Lahore soe-  
raosipoen: ndorakaken jèn konggrès  
waoe ada-adanipoen golongan theo-  
sophie. Pantjèn leres wonten njonjah  
Éropah ingkang mitoeloeni njam-  
boet damel kanggé konggrès wonten  
Madras, lan dilalahipoen njonjah  
waoe kapinoedjion tjang Theosofie.  
Wiwit wiwitan doemoegi wekas  
konggrès waoe damelanipoen wanita  
Asijah sarta kanggé preloenipoen Asi-  
jah oegi. Manifest wontening kong-  
grès kakintoenaken dateng poendi-  
poendi. Lan margi boten mangertos  
kados poendi adrèsipoen pakempa-  
lan wanita ing ngriki, Manifest waoe  
ladjeng kakintoenaken medal njo-  
njah Fournier lan van Leeuwen.  
Satoengginging batangan ingkang  
boten gampil binadé, kénging poe-  
na déné oetoesan Indonesia, juffr.  
Soenarjati lan Mevr. Santosa ngang-  
gèp konggrès waoe damelan Éropah.  
Ing konggrès waoe inggih wonten  
wanita-wanita Éropah nanging poe-  
nika namoeng tamoe. Toentoean  
konggrès salaminipoen tansah won-  
ten ing tanganipoen poetri Asijah.  
Malah dipoenwonteni komité kang-  
gé angladjengaken konggrès waoe  
bédjeng kalih oet. tigang taon  
malih. Sarta malah wonten swan-  
ten neda soepados konggrès waoe  
wonten tanah Djawi.

Makaten katranganipoen nonah  
*Dr. Henny*.

Serat-serat kabar ing Bombay,  
Calcuta Madras, Lahore oegi ane-  
rangaken konggrès waoe pantjèn  
konggrès Asijah.

Ing *Keng Po* malah wonten pa-  
wartos Mevr. Santosa gèsèh rem-  
bagipoen kalijan Mejufr. Soenarjati.  
Mejufr. Soenarjati kalijan student  
Soeganda (sadèrèkipoen) nganggep  
konggrès waoe dédé konggrès Asijah  
Wangsoel Mevr. Santosa ngantepi  
poenika konggrès Asijah.

Makaten kawontenanipoen! Poe-  
nika koerbaning lampah kesesa, am-  
boetjal arta éwon anggènipoen  
nglempekaken saking tjang katah,  
namoeng kanggé plesir.

X. X.

## ECONOMIE.

### BANGOEAN RAINA.

Katahing coöperatie ing wekdal  
samangké ngébat-ébataken sanget,  
kados dipoensokaken saking langit,  
tanpa witjalen. Dalasan ing papan  
ingkang alit-alit sarta ing doeso-  
doesoan sampoen katah ingkang  
ngedegaken coöperatie, warni-warni,  
mawi nama ingkang dakik-dakik,  
kalaras kalijan papan lan maksoed-  
ipoen, adamel gambiraning ingkang  
sami mireng.

Coöperatie - coöperatie waoe an-  
tjasipoen: badé ndandosi gesang  
sarana nggemèni samoedajanipoen.  
Dados ing riki tjeta, bilih gesang-  
ipoen (economie - nipoen) tetijang  
boemi taksih katah ingkang kedah  
dipoendandosi, ateges taksih awon  
(sampoen risak).

Gesang ingkang kados makaten  
waoe wonten ing djaman malaise  
poenika, sampoen dédé nama gesang  
malih, nanging gesang - gesangan.  
Gesang ingkang makaten poenika  
kedah toemoenten dipoendandosi;  
amargi tjang ingkang gesangipoen  
(economie - nipoen) sampoen risak  
poenika boten saged kanti tentrem  
anggènipoen njamboet-damel, an-  
dadasaken awoning pandamelan-  
ipoen. Lah ing woesananipoen . . .  
pandjenengan priksa pijambak.

Ing samangké sampoen katah  
Crediet - coöperatie, inggih poenika  
coöperatie ingkang njamboeti jatra  
lid-lidipoen sarana sareman (rente)  
ingkang majar (andap). Maksoeding  
coöperatie badé njirnakaken tan-  
dangning toekang mindringaken, in-  
ggih poenika Tjionghoa toewin Arab.  
Déné anggènipoen ngwontenaken  
kapital sarana sami njèlèngi.

Verbruikcoöperatie inggih sampoen  
katak, sanadjan ta lampahipoen  
rekaos. Menggah maksoedipoen sa-  
geda toembas barang-barang akanti  
mirah, sageda angsal bati, sageda  
ngitjalaken bon-bonan. (barang bon-  
onan poenika temtoe awis reginipoen).

Sawenèhing papan malah sampoen  
wonten: landbouw - productie - coö-  
peratie - nipoen, inggih poenika coö-

peratie ingkang maksoedipoen se-  
sarengan njadé pamedaling siti  
teroesan dateng ingkang mbetaha-  
ken, tanpa pitoeloenganing poen:  
tusschenhandelaar. Ingkang makaten  
poenika temtoe kémawon ngageng-  
aken bebatèn, (toemrapping ingkang  
njadé).

Gampilipoen: wohing coöperatie-  
coöperatie waoe sampoen katingal;  
wonten ingkang saged ngodari  
tjengkeremaning w o e k e r, wonten  
ingkang saged ndjoegaraken: gi-  
z e l i n g l a n s a n è s - s a n è s i p o e n .

Pramila koela mbikak toedoeng  
saèstoe doemateng para panoen-  
toening coöperatie - coöperatie in-  
gkang sami tjekat-tjeket, tranginas  
tandangipoen akanti temen<sup>2</sup> poenika.

Nanging wonten panggoda in-  
gkang ageng sanget, ingkang kedah  
dipoentangoelang saèstoe, inggih  
poenika: B o s e n a n i p è n i p o e n  
w e g a h a n . Dados boten kénging  
kèndel wonten ing margi; boten  
kénging bibar amargi kraos radi  
p a i t . Ingkang waspada: wonteni-  
poen p a i t poenika saèstoenipoen  
namoeng badé njoemlesaken legi-  
nipoen<sup>2</sup>

Dados kedah ingkang tetep-man-  
tep toer sabar. Sampoen groesah-  
groesoe; amargi ndadosi gesang  
poenika pantji boten gampil, boten  
saged sa-deg, sa-njet.

Lan ingkang njrempeng poenika  
boten namoeng coöperatie - nipoen  
kémawon, nanging lid - lid - ipoen  
inggih kedah njamboetdamel pijam-  
bak - pijambak; liripoen makaten:  
Sasampoenipoen ngertos maksoed-  
ing coöperatie, ngertos lampah-lam-  
pahipoen, inggih ladjeng kedah nin-  
dakaken pijambak wonten ing grija,  
inggih poenika nggemèni sadaja  
kémawon ingkang kénging kasing-  
get, sanadjan wonten kala mangsa-  
nipoen mawi nekeg goeloe noetoe  
mripat oetawi ngedalèni ilat.

Saben lid kedah gadah antjer<sup>2</sup>:  
„Sing bisa ndandani pangoripan  
ikoe ja wongé déwé (awaké déwé).

**VAN LITH-STICHTING**

JEJASAN ÉNGGAL  
POENIKA  
sagedipoen madjeng  
goemantoeng  
„PANDJENENGAN”  
SADAJA.

Penningmeester V. L. S.  
p/a 2e. Convict  
Moentilan N. I. S.

Orak pangoripan si A. sing  
ndandani si B.; ikoe doedoe beneré.

Dados sabèn lid kedah gadah: „Ni-  
jatjingsoen, ndandani economiekoe.”

Manawi makaten coöperatie<sup>2</sup> waoe  
temtoe badé katah wohipoen. Lah,  
kosokwangsoelipoen manawi lid-  
lidipoen boten sami actief (tjantjoet  
pijambak), manawi namoeng sami  
ndjagèkaken pitoeloengan saking  
coöperatie-nipoen kémawon, oepa-  
mi ndjagèkaken njamboet jatra,  
poenika coöperatie - nipoen temtoe  
boten badé widada, sanadjan ta  
panoetoenipoen bangsa iboe djari.

Woesana coöperatie waoe ké-  
nging koela oepamèkaken bandjir:  
koemrasak datengipoen nanging  
énggal sirnanipoen.

Ingkang mangadjab saènipoen  
Karangsawah S. Soedijarsa:

## KASARASAN.

### SAKIT OENTOE.

*Sambetipoen Sw. Tm. No. 3.*

Tjangan Djawi poenika oentoeni-  
poen katah ingkang saé-saé, nanging  
amargi wontenipoen padatan ingkang  
awon inggih poenika *pasah pangoeer*,  
ladjeng katah ingkang risak oen-  
toenipoen. Ing nginggil sampoen  
koela atoeraken, bilih glazuur poe-  
nika minangka bètènging oentoe,  
mesti kémawon saja kandel tém-  
bokipoen, saja saé, nanging kados  
poendi adatipoen tjangan Djawi? Tém-  
bok dipoentapisaken, terkadang  
ngantos ketingal nglebetipoen (soeng-  
soemipoen). Mesti kémawon ladjeng  
dipoenlebeti ing mengsah inggih  
poenika bactérie. Bactérie ingkang  
loemebet ing oentoe poenika kadosta:  
v brio dènticola, leptothrix buccalis  
lan sapanoenggilanipoen. Ing djaman  
sapanenika djamanipoen tjangan re-  
men ngedalaken arta, mila katah  
tjangan ingkang sami nganggé oentoe  
sineloet ing djéné (mas). Tetijang  
waoe limrahipoen roemijin sami  
pasah, woesana oentoenipoen la-  
djeng sami krowok. Toekang pasah  
poenika kawroehipoen bab oentoe  
namoeng kinten-kinten kémawon,  
pantjèng tèmboeng oentoe sampoen  
tipis, meksa taksih dipoenterosaken  
anggènipoen masahi. Ingkang prajogi  
poenika boten pasah kémawon ba-  
bar pisan; sanadjan oentoe mrongos,  
oetawi boten gilap njamber lilèr,  
inggih kadjengipoen, patok waras.  
Malah sawenèhing tjangan oentoeni-  
poen sampoen risak, ladjeng amoer-  
rih sampoen ngantos katingal, oen-  
toenipoen dipoensisigi. Jèn koem-  
dah-kedah badé pasah, boten karsa  
koela gondèli, inggih pasah, nanging  
kapanoerih masahi dokter oentoe  
Walandi, awit dokter oentoe Wala-  
ndi poenika sinaoenipoen wonten  
universiteit, dados ngertos kandel  
tipisipoen glazuur ingkang kedah  
dipoenpaprali. Manawi dokter oen-  
toe dédé Walandi poenika, jèn koela  
lo; dèrèng kénging kapitados.

Toenggilipoen ingkang moeroeg-  
aken carèns poenika: oentoe boten  
naté karesikan. Boten kirang-kirang  
tjangan ingkang boten naté gosok  
oentoe éwasamanten ngantos se-  
poe oentoenipoen taksih djangkep,  
kosok-wangsoelipoen wonten in-  
gkang sabèn dinten kaping kalih oen-  
tawitiga gosok oentoe, éwasamanten  
taksih nèm sampoen mawi oentoe  
palson. Ingkang kados makaten  
poenika amargi saking toeroenanoeqi.  
Sanadjan mekaten, saé sanget ma-  
nawi mentas neda, oentoenipoen  
dipoentresiki, djalaran silit poenika  
ladjeng bosok, dados soesoehing  
bactérie, woesana baloenging oen-  
toe ladjeng katoelaran bosok wo-  
sana krowok.

Manawi tjangan sakit oentoe, oen-  
toenipoen krowok, poenika djampi-  
nipoen poenapa? Jèn namoeng kanggé  
njoeda raosing sakit ingkang tjeng-  
tjengan kémawon, tjara Djawi inggih  
wonten djampinipoen inggih poenika:  
oentoe ingkang saweg krowok sa-  
kedik waoe kanggé mamah sedah  
(soeroeh), oetawi ing pipi sisih ndjawi  
dipoenpopok ron ketjoeboeng  
kadeplik kalijan apoe (endjet) Ma-  
wi popokan ketjoeboeng poenika  
saged pitoeloeng jèn dipoenanggé ing  
wantji sonten ngadjengaken tilem,  
ladjeng tilemipoen saged ngleketer.

Manawi dèrèng kasèp sanget  
oentoe ingkang krowok poenika  
katambalna dateng pangènanipoen  
dokter oentoe.

Ngangé djampi Djawi ingkang  
koela atoeraken ing nginggil waoe  
namoeng njoeda sakitipoen, nanging  
krowokipoen saja lami inggih saja  
wijar. Wondéné dipoentambalaken,  
ing ngadat sanget pitoeloeng katah,  
nanging wonten oetoeipoen tjapok  
malih, ladjeng sakitipoen wangsoel  
malih. Ingkang setdjab poenika  
dipoentjatoetaken, nanging koetjwa-  
nipoen ladjeng boten gadah oentoe.

Jèn oentoe oepami ingkang nging-  
gil katjatoetaken, poenika sisihan-  
ipoen ingkang ngandap ladjeng boten  
njamboet damel, ingkang kados  
makaten poenika kirang saé, djalaran  
oentoe poenika soepados sampoen  
ngantos kénging sesakit, kedah ka-  
poerih njamboet damel, mila prajogi  
sanget jèn dahar poenapa - poenapa  
anggènipoen mamah dipoentaken  
saèstoe. Manawi saged, samangsa  
wonten oentoe ingkang katjatoet,  
kagantosa ing oentoe palson.

Tjangan ingkang sampoen ompong  
babar pisan poenika prajogi ngang-  
gé oentoe palson, soepados jèn  
neda saged ngedalaken iloe, awit  
iloe poenika perloe sanget ing nga-  
tasipoen teda ingkang tjalon kagi-  
ling wonten ing wadoek. Tjangan  
ingkang ompong babar pisan poe-  
nika panggilanipoen kirang saé,  
woesana ladjeng noewoehaken se-  
sakit warni-warni kadosta kanker  
lan sapanoenggilipoen.

Samanten kémawon roemijin.

Jèn Kober.

## TETROEKA MARGI MERAPI.

### PAMBOJONGAN DATENG BENGKOELEN.

Bab koerdanipoen Merapi kénging  
dipoenwasani sampoen sirep, nan-  
ging dajanipoen dèrèng rampoeng.  
Lèpèn Batang, Blongkèng Pabélan  
lan Lamat, ingkang soewaoe sami  
nggaroes, ngantos kretèg-kretèg ing  
lèpèn-lèpèn waoe dipoenkoewatosa-  
ken, manawi djoegroeg oetawi  
ambleg, ngantos dipoenbandani pin-  
ten-pinten éwoe roepijah, sapoenika  
kawontenanipoen kosok - wangsoel;  
lèpèn-lèpèn waoe mèh tanpa djoe-  
rang margi waled wedi lan séla  
ingkang pérangan ngandap kénging  
kawastanan rampak kalijan pas-  
binan, malah anèhipoen wonten  
ingkang kapara ngoengkoeli; sadaja  
sami kebak wedi lan séla-séla.  
Dados nitik lahir, saepami lèpèn-  
lèpèn waoe bena, tamtoe kanti gampil  
mblabar dateng sabin - sabin lan  
padoesoenan. Mila ing salebetipoen  
mangsa rendeng poenika tjangan in-  
gkang manggèn ing sakiwa-tengen-  
ipoen lèpèn - lèpèn waoe (ingkang  
pérangan ngandap) kerep prihatos  
lan koewatos mbok bilih wonten  
benas. Senadjana namoeng bena toja.

Kawontenan-kawontenan ingkang  
kasebabaken déning dajanipoen redi  
Merapi koerda, ingkang ladjeng malih  
poenika boten namoeng kawontena-  
ning lèpèn-lèpèn kaseboet nginggil  
dalasan karsaning negari anggèni-  
poen mapanaken tjangan, inggih malih.  
Tjangan-tjangan ingkang sampoen sami  
kétjalen papan, ing soewaoe sadaja  
badé kadoenoengaken salebeting  
koekoeban district Salam Moentilan  
lan ond. Kranggan toewin Kaloran  
(sami Regentschap Temanggoeng);  
sapoenika salong sami kabojong  
dateng Bengkoelen.

Kala 11-2-'31. A. W. Tempoeran  
(Magelang) ingkang saweg kaban-  
tokaken dateng Salam, kaeoetoes  
negari njatitèkaken kawontenaning  
siti ing Bengkoelen, mawi dipoen-

kantèni loerah Podjok lan tjangan tani  
4. Doemoegi Koetaardja dipoendè-  
rèkaken loerah Sariboemi lan Plipir  
sami mbekta koeli njetoenggal; A. W.  
Bajan oegi toemoet.

Doemoegi Keboemèn loerah Tir-  
tamaja ndèrèk, Patih Keboemèn  
metoek. Djam 5.29 sonten doemoegi  
station Betawi dipoenpetoek Padoe-  
ka T. Inspecteur Agrarische zaken  
Patih Betawi lan A. W.

Tanggal 12-2-'31 bidal saking  
Tg. Prijoek 14-2-'31, laboeh ing  
Bengkoelen.

Tangeal 15 lan 16 Febr. '31  
pepriksa angsal-angsalaning pepriksa  
njenengaken. Kawontenaning  
siti saé sanget (loh). Tjangan-tjangan  
Banjoemas lan Begelèn katah in-  
gkang sampoen sami tetroeka wonten  
ngrika. Tjangan nanem pantoen (pan-  
toen gaga) tjekap mawi wangkil  
lan arit, dèrèng betah mawi patjoel,  
sanadjan panggarapipoen églak-  
églèk, pamedal tiket-keoek tinim-  
bang ngriki. Éwa-semanten woeloe  
wedaling siti reginipoen inggil san-  
get, ratjak-ratjak tiket kalih lang-  
koeng sakedik tinimbang reregèng  
ing peken Moentilan sakiwa-tengen-  
ipoen. Dados nami moenggoeh san-  
get kanggé kantja tani, awit pa-  
medal katah, papadjangan inggil  
reginipoen. Kéwan ingah - ingahan,  
kadosta: ajam, kembangan, ménda,  
lemboe enz. oegi langkoeng awis,  
ratjak mèh tiket kalih katimbang  
reregèng ing ngriki.

Tanggal 17-2-'31. A. W. Tempo-  
eraan cs. sampoen laboeh wonten  
Tg. Merak toeroes dateng Salam.

A. W. Tempoeran waoe, sawang-  
soelipoen kaeoetoes, doemoegi Salam  
toeroes propaganda dateng tjangan-  
tjangan ngoengsi ing ngrikoe. Ing  
semoe katah ingkang poeroen mang-  
gèn wonten Bengkoelen waoe.

Angsal - angsalaning propaganda

kaatoeraken ing Kangdjeng Boepati  
Magelang.

Tanggal 22-2-'31 wonten poe-  
toesan, èstoe wonten pambojongan  
dateng Bengkoelen. Mila ingkang  
poeroen toeroes kadawoehan njatet  
lan tata-tata barang ingkang badé  
kabekta, lan Comité Merapi toeroes  
blandja poenapa - poenapa ingkang  
dados bethahipoen. Gredji - gredji  
sami dipoentimbali; ing pendapi  
kawedanan Salam kebak pirantos  
lan bekakas roepi-roepi; gredji oegi  
njrempeng njamboet damel wonten  
ing ngrikoe, preloe ndadakaken  
rasoek ingkang kasesak-sesakaken  
nilar tanah Djawi. Awit kresanipoen  
ingkang Boepati 25-2-'31, kedah  
sampoen wonten ingkang bidalan.

Kelampahan tanggal 25-2-'31  
djam 6 éndjing bidal saking halte  
Tèmpèl tjelak Salam, tjatjah brajat  
34; tjatjah djiwa 187, poenika tam-  
bah saking kawedanan Moentilan  
13 brajat. Ingkang ngiringaken doe-  
moegi ing Bengkoelen A. W. Sroem-  
boeng kinantèn oepas Salam se-  
toenggal. Kangdjeng Boepati Ma-  
gelang sekalijan, Wedana Salam  
sekalijan lan A. W. Tempoeraan sami  
ngontapaken doemoegi station Nga-  
jogjakarta.

Sangoenipoen tjangan - tjangan in-  
gkang badé tetreka waoe, nami sam-  
poen djangkep, ratjak sandangan  
sami rangkep. Saben brajat angsal  
piring 1/2 losin, porong (kan) 1,  
tjankir 3, tjankir mantji 1, widji-  
kan 1, tjèrèt 1, kendil 1, péso 1,  
widji katjang 1 tjankir (saking kre-  
sanipoen ingkang Wedana Salam  
pijambak). Pirantos tilem gelaran 1,  
bantal apes 2, tjlimoet 1; pirantos  
pawon djangkep, ténggok, bèsèk,  
kalo oegi boten kantoen.

Sangoe teda ing margi tjekap:  
tigan sabèn djiwa 1 tampi 1, dèn-  
dèng ragi 1 iris, sekoel lan lawoeh  
han sanès satjekapipoen.

Kedjawi poenika taksih angsal  
pesangon jatra, katah - kedikipoen  
mawi - mawi ageng - aliting brajat,  
nanging apesipoen f 4,25 (sekawan

<sup>25</sup>/<sub>100</sub> roepijah), déné ratjakipoen  
saben brajat f 5, — (gangsal roepijah),  
jèn sampoen doemoegi papanipoen  
ingkang kasedija saben brajat tampi  
f 1, malih.

Ing sadèrèngipoen gadah pamedal  
tjangan - tjangan waoe wonten ngrika  
badé tampi bajar manoet ageng-  
aliting brajat, nanging ratjak saben  
brajat f 15 (gangsal welas roepijah)  
ing sewoelan. Wonten ngrika saben  
brajat badé tampi sabin 1 baoc,  
tegil sakadjengipoen, grija saking  
deling pajon kembangan njetoeng-  
gal. Grija-grija sedijan ingkang sam-  
poen kagarap 75 woewoeng. Residèn  
Bengkoelen namoeng badé nampi  
175 brajat.

Béndjing Slasa 3/3-'31 éndjing  
ngankatakan malih; saking Salam  
kémawon 61 brajat, djiwa 229; sa-  
king Moentilan nihil; nanging ka-  
dang Poerweredja wonten 19 brajat,  
djiwa 88, badé njarengi malah me-  
kawoni ngampiri dateng Salam  
tanggal 2/3 '31 datengipoen \*). Nan-  
ging sadèrèk PWR. waoe sami  
ragad pijambak, makaten oegi won-  
ten ngrika, Déné anggènipoen sami  
dateng Bengkoelen boten margi da-  
dos koerban kranas koerdanipoen  
Merapi, nanging margi sampoen  
ngroemaosi manawi ing tanah Djawi  
sampoen soek - soekan tjanganipoen,  
dados kedah neba dateng sanès  
poelo, ingkang taksih ombèr. Bida-  
lan Slasa 3/3-'31 poenika ingkang  
ngiringaken doemoegi ngrika A. W.  
Ngloewar lan oepas Salam 1.

Wasana panjerat namoeng ndè-  
rèk binghal lan soeka kawilodjengan  
dateng para sedèrèk ingkang sami  
nilar tanah Djawi preloe pados pa-  
ngoepa djiwa lan mijaraken teba.  
Toer ngiras kanggé ngetingalaken  
jèn sadèrèk - sadèrèk Djawi mila  
njata sampoen mbetahaken papan  
sanès.

Koerdanipoen Merapi poenika

\*) Ingkang dateng namoeng tjangan 65  
sanèsipoen alangan boten angsal sangoe.  
H. T.

moegi-moegi dadosa djalaranipoen  
bangsa Djawi mantoen èngkèl-èng-  
kèlen nilar tanah Djawi. Békanipoen  
Merapi ngitjalna kembang lambé  
Djawi, ingkang moeng: dadija ora  
pada bisa ngliwet waton ngadep.  
Dadija ora pada memangan, waton  
bisa njawang. Wosipoen kembang  
lambé: mangan ora mangan,  
waton dadi sidji. Watak  
ingkang makaten poenika kedah  
késah, kedah itjal. Awit poenika  
dados sesandoengan ing ngatasipoen  
pados pangoepa djiwa; malah toem-  
rap adjenging pasinaon oegi nga-  
lang-alangi.

Manoet katranganipoen ingkang  
wedana Salam, arta dana ingkang  
sampoen katampi, kanggé mitoe-  
loengi wontenipoen kasangsaran ing  
Merapi ± f 400 000 (kawan atoes  
éwoe roepijah).

Tjangan ingkang badé tetroeka ing  
paredèn Géndol (Djoemaja) 100  
brajat, grijanipoen saweg kagarap;  
saben brajat badé tampi tegil 1 —  
1/2 baoc. Tegil-tegil ingkang badé  
kapingaken tjangan - tjangan waoe  
pangaos ± f 15 000, ing Ngepos  
ond. Sroemboeng f 10 000, ing Ka-  
laran f 25 000, déné ing ond. Krang-  
gan lan ing district Moentilan dè-  
rèng terang nanging oegi boten  
katah sanget kaotipoen kalijan in-  
gkang badé sami dedoenoeng ing  
district Salam (Géndol lan Ngepos).

Ingkang dateng Bengkoelen doe-  
moegi titi mangsa poenika saweg  
47 + 61 brajat = 108 brajat djiwa  
± 430. Dados ingkang sami dateng  
Bengkoelen namoeng sekedik sanget;  
awit panaros poenika mila sampoen  
kasèp, djer tjangan-tjangan waoe sam-  
poen keladjeng dipoentjoengi pa-  
pan-papan kaseboet nginggil, toer  
grija - grijanipoen sampoen ketingal  
dipoenwiwiti nggarap.

Woesana: hulde dateng pri-  
jantoen B. B. waoe, sapisan engkas  
hulde!

Kaserat 2 — 3 — '31.

H. TJITRA.

Wiwit 1 Maart 1931. Trijasa 'mbikak H. I. S. wonten ing Siéman. Kanggé wiwitan, H. I. S. waoe badé ngempèk papan ing Standaardschool Medari. Awit ing rikoe kapinoedjon wonten kamar 1 ingkang nganggoer, ing sawatawis dinten.

Déné bangkoe, blabag enz. Trijasa sampoen samekta pepak; sadaja babaran énggal.

Déné djanganipoen H. I. S. waoe badé kadamel sami trep, kados tjara-ranipoen H. I. S. ingkang sampoen kaanggep déning Nagari. Mila sadaja oeba-rampéning sekolahan, goeroenipoen, andap inggiling piwoelang, lan pambajaring moerid ingkang sami sinaoe, inggih kadamel sami.

— Koela pitados. Sedaja poenika oeger kanti berkahing Pangéran, temtoe saged kasembadan. Senadjan kanti rekaos.

— Koela lan pandjenengan, temtoe ngertos. Jèn jasa sekolahan poenika, katah ragadipoen.

— Koela pitados. Bilih pandjenengan tresna ing sesami, ngantos kados dateng selira pandjenengan pribadi.

— Koela ngertos. Jèn tjiang badé tresna tanpa pilih<sup>2</sup> poenika awrat. Langkoeng<sup>2</sup> djaman mlesek.

— Koela pitados. Bilih pandjenengan sampoen damang dateng toemandjangan dana. Jèn dana ingkang medal saking manah resik, kados déné brana ingkang soemimpen ing gedonging Pangéran. Sanadjan dana waoe awoedjoed: baesoekoek, igoeh-pratikel, andjoendjoeng dradjading bangsa, lan barang sanès, oetawi awoedjoed arta. Senadjan namoeng sakedik.

— Koela ngertos. (jèn boten klintoe, lol). Jèn pandjenengan sampoen naté ngendika: „Adja moeng kakéhan swara. . . , endi njatané?”

— Koela pitados. Bilih pandjenengan bingah midanget madegipoen T. I. S. Trijasa wonten ing Siéman (Medari).

— Koela ngertos. Jèn anggèn pandjenengan ngrogoh kantong poenika badé kanggé menjokong.

Arak inggih mekaten tal Poenapa pitados lan pengertos koela badé malih? Koela wani nemtokaken mesti wantég, (boten malih). Awit dedasar koela, mawi wewaton: jèn pandjenengan sampoen mangertos, sarta kénging koela pitados. (N. B. Adres toekang sangga oewang: R. M. Kresnoamidjojo, Medari).

Déné ingkang minangka kanggé pawitaning H. I. S. waoe saking pakempalan Dwidja-Swara, Medari. Ingkang tjtajahing warga namoeng sakedik sanget, toer sampoen prentja. Doemoegi Salatiga, Djepara, Klatèn, Bantool, Kalimenoer Gowongan, enz. Mila mangga para warganing D. S. ingkang winggi<sup>2</sup> teksih nami „Swara”, sapoenika sampoen katingal njatanipoen. Bokbilih woelan<sup>2</sup> ingkang kempèk dèrèng kober paring contributie, sebab dipoen-galih arta dèrèng kanggé, sapoenika wiwit kanggé sanget. Mila énggal koela atoeri maringaken dateng toekang sangga oewangipoen.

Oegi ngadjeng-adjeng dateng prijantoen sanèsipoen ingkang kersa dados donateur oetawi liding D. S. maringana adres oetawi arta dateng: Kresnoamidjojo Medari.

Minangka panggoegah. Jèn djenetik<sup>2</sup> lan djempol<sup>2</sup> Medari ingkang agengipoen namoeng sami kalijan djempolipoen tjiang ngandap, (djaré wong ngisor ki gedéné ming sae-kiran keris). Djempolipoen sepintei?! Sami poeroen toemandang, ngolir boedi, ngetog kekijatan. Poenapa inggih djempol-djempolipoen tjiang nggiling (sing gedéné sabongkokan alang<sup>2</sup>), ngantos kersa négakaken?! Temtoe boten! Poenapa djempol Medari boten kénging penjakit goedig enz.? Bab<sup>2</sup> poenika sami kémawon. Tandaniipoen Medari boten tampi besluit „merdika saking malaise.”

Mila rehning tetandinganing betah sami, tetandinganing kekirangan, rekaos enz. sami, mila soepados njèples, pitoeloengan lan kema-djengan enz. prijogi kadamel sami.

Tijang roenda.

TEMBOENG: ARWAH.

Boten namoeng sapisan oetawi kaping kalih kémawon, wonten ing Sw. Tm. ngriki koela mrangoeli temboeng: arwah; kados -déné ing Sw. Tm. 30 Jan. '31. (mriksana Kabar Katoelik, Frater Dionijoes, Poeloengana †). wonten oekara mekaten: Moegi, arwahipoen piningana noegraha ageng wonten ing pangajoenaning Allah.

Koela dédé „taalkundige,” saha babar pisan boten badé nglepataken panganggéning temboeng: arwah poenika. Namong samireng koela arwah poenika temboeng Arab, tak-

sih gandèng lan temboeng Roewah (woelan Roewah). Katjoendoekna kalijan Encyclopedie van Ned. Ind. tweede deel. tweede druk, ngandap: Kandoeri:

Woelan Roewah, dipoen - tegesi: allerzielen - maand. Roewah, saking temboeng Arab: arwâh arwâh, meervoud - ipoen roeh = (geest)

(pènget, pametik - koela poenika namoeng apalan kémawon).

Dados ing oekara: moegi, arwahipoen pak Petrus Soetadinama piningana kanoegrah langgeng, saged asoeraos: pak Petrus Soetadinama gadah roh kalih, tiga oetawi langkoeng. Pamanggih poenika tjiengkah lan piwoelanging Pasamoewan Soetji, malah njelaki Hindoeisme, ingkang moelangaken: manoesga poenika kedjawi asoekma oegi abadan aloes. Éwasemanten:

1. poenapa temboeng arwah, nadyan poenika meervoud - ipoen roeh rehning sampoen kalimrah, ing ngriki inggih sampoen leres<sup>2</sup>?)

2. poenapa temboeng arwah poenika toenggilipoen ingkang ing basa Latin karwastanan: pluralia tantum poenika; wangoening temboeng — meervoud nanging tegesipoen: enkelvoud?

Ananging ing sarèhning koela babar pisan boten ngertos basa Arab, mila poenika inggih namoeng koela soemanggakaken.

Pepoenton: menawi tetemboengan: arwahipoen pak Petrus Soetadinama, poenika mila boten leres poenapa boten prajogi kasantoenan temboeng sanès kémawon ingkang leres, oepami: soekmanipoen pak Petrus Soetadinama? Sokoer manawi poenika sampoen leres<sup>1</sup>); mangsa bodoa para sepoeh.

poen MOEDAMINTAKSAMA.

SABABIPOEN POENAPA DÈNÉ REDI LATOE POENIKA ASRING KOERDA?

Bokmanawi boten namoeng koela kémawon ingkang gadah pitakénan kados ing nggiling poenika; dèrèng naté angsal wangsoelan ingkang maremaken.

Pramila kinten koela boten badé andjoewarèhi, manawi koela njoepik sesorahipoen p. t. Dr. Neuman, pangadjenging Vulcanologisch onderzoek, ingkang saged nerangaken pitakén ing nggiling waoe kalajan patitis.

Mitoeroet saking pangandikanipoen sang pamedar sabda, pantjèn teksih katah ingkang sami seling serep ing bab poenika.

Kadosta: wonten ingkang nginten, bilih kawahing redi latoe poenika wonten oeroeng-oeroengipoen mangandap kados déné pipa, teroes doemoegi poeser telenging boewana, ingkang taksih awoedjoed dahana angalad-alad.

Inggih makaten poenika loegoe leresipoen boten.

Menggha sedjatosipoen: poeser telenging boewana poenika asipat barang ingkang atos, loeloehing tjampoeripoen tosan kalijan nèkel. Botot pamoerwatipoen 8,5.

Dados poesering djagad poenika boten awoedjoed dahana gemboelengan, mangka leloewenging sadaja redi latoe, oegi boten asipat barang tjowèr kénging tjinawoek.

Ing saoe-pami tjowèr makaten, tenèh inggih lelagehanipoen kados tojaning samodra, saged rob oetawi sob, (eb en vloed) margi saking kadajan panariking soerja, langkoeng-langkoeng remboelan. Wasana ébahipoen oetawi kotjakipoen isèn-isèn ing nglebet waoe, saged asring moeroegaken pandjebloeging djagad.

Wonten malih sabab lija ingkang wani ngekahi, bilih poesering djagad poenika atos jektos, inggih poenika katjeta katitit ing seismogram (pirantos kanggé ngoekoer lindoe). Lindoe poenika kederipoen manawi soemrambah loemampah noeroet barang atos, béda lelagehanipoen kalijan manawi soemrambah ngambah barang tjowèr kados déné toja. Inggih bédaning lelagehan waoe ingkang boten kénging katjolong ing seismogram.

Manawi wonten lindoe ageng ing soewaliking boewana (oepami ing Amerika), dados nrabas medal tengah - tengah, ing seismogram ngrikoe tjometata bilih lampahing lindoe waoe, noeroet barang ingkang atos, dédé barang tjowèr.

Namoeng kémawon kinten-kinten 120 K.M. salebeting siti, ing ngrikoe lampahing lindoe manggih reribed (storing) wonten bédanipoen. <sup>2</sup>) Inggih ing rikoe poenika, papan ingkang semoenipoen radi tjowèr kados déné djladrèn dahana (plastisch).

<sup>1</sup>) Sampoen leres, nanging leresipoen waoe margi sampoen kalimrah, awit manaoet Arabipoen arwah pantjèn meervoud. Ngganggé arwah oetawi soekma ing ngrikoe sami kéngingipoen, manasoeka. Red.

<sup>2</sup>) Lo ing „de Koerier” ingkang mentas medal poenika lindoe poenika namoeng tjetèk-tjetèkan djadjahan 35 K.M.

Inggih djladrèn makaten poenika, ingkang moeroegaken wontenipoen redi latoe.

Badé kasambet. Saking Solo.

OERAP - SARI.

KABAR KATOELIK.

INDONESIA. Mgr. Pacificus J. Bos.

Kawartosaken, jèn ingkang Exellentie Mgr. Pacificus J. Bos, ingkang sewaoe sampoen tindak perlop dateng nagari Welandi; sapoenika badé rawoeh wangsoel dateng Indonesia malih; sarta ngampil bantoe kekalih kanggé Missie.— Kita sanget ngadjeng-adjeng rawoehipoen.

— Wakiling Pangageng Missie golongan Sarékat Jésoes.

Salebetipoen Rama van Kalken perlop, ingkang makili Rama J. van Baal. Adrèsipoen: Xaverius-College Moentilan.

ROEM. Rerum Novarum 40 taen.

Margi saking Rerum Novarum (inggih poenika nawala paringipoen I.S.K. Santo Bapa Leo XIII ingkang ngemot pratikelipoen ndjampèni sesakit social) sampoen oemoer 40 taen, mila tjalonipoen ing woelan Mei taen poenika badé dipoen-wonteni soedjarahah internasional dateng Roem. Golongan kaom berah lan djoeragan sami badé mriksaesaréngan. Mila ing samangké ing Roem dipoen-wonteni komité internasional. Inggih sami soedjarah tjalonipoen saben tanah angsal program pijambak-pijambak. Bab widjang-widjanganipoen program, dèrèng katjrijos-tjrijosaken. Inggih sampoen kasoemerepan inggih poenika, bilih para soedjarah badènipoen sami ndèrèk Koerban Mis ingkang dipoen-pisoengsoengaken déning I. S. K. Santo Bapa wonten ing Grédja ageng Santo Pétroes.— Margi saking dajaning Rerum Novarum, kaom berah lan djoeragan teka saged roekoer makaten. Bok ing Indonésijah ngriki sami noelada!

NEDERLAND. Katholiekendag.

Béndjing 26 lan 27 Mèi poenika ing Amsterdam badé wonten Katholiekendag ingkang kaping 5. Bab program sampoen rampoeng. Menggha ingkang badé karembag ing ngrikoe inggih poenika het Christelijk Familieleven (gesang bebrjatan tjara Katoelik), widjang-widjanganipoen makaten:

I. Bikakan parepatan: Pemanggih tjara Katoelik ing ngatasing idjab ingkang minangka tetalesing bebrjatan, déning Prof. Dr. B. Kors. O. P.

Sèksi: 1. Madeging bebrjatan: tjetjawis badé idjab, déning Dr. W. B. Huddleston-Slater.

2. Rengkoeh-rinengkoehipoen bapa lan bjoeng, déning Dr. A. W. Auserms.

II. Parepatan ageng sonten. A. Brajat poenika papaning nggoela-wentah, déning Mevr. C. Steins Bisschop-Herckenrath.

Sèksi: 1. Brajat lan Pasamoewan Soetji, déning Prof. Dr. W. J. M. Koenraad. 2. Brajat lan jeugdbeweging, déning Prof. Dr. G. Lamers. S. J. 3. Brajat lan krida Katoelik (Christelijke kunst) déning Kap. J. Waterkamp.

B. Pangrèhing pradja (de overheid) kalijan Brajat, déning Mr. C. P. M. Romme.

III. Parepatan oemoem ing dinten Rebo éndjing.

A. Kamardikan lan pangowesana ing salebeting bebrjatan déning A. N. Fleskens.

Sèksi. Brajat lan pitoeloenganing brajat, déning Zr. M. Elsenburg.

B. Idjab ing serat-serat kasoesastran (Literatuur) déning Mevr. A. van Wageningen-Salomons.

IV. Panoetoeping parepatan.

Bebrjatan manaoet idam-idaman Katoelik, déning Prof. Dr. F. J. Feron. (Kita kepéngin sanget ngwontenaken Katholiekendag, ing nggiling poenika kénging kanggé oelar-oelar).

PARANGAKIK. Setèlingan Internasional.

Ing salebetipoen taen poenika ing Paris badé wonten Setèlingan Internasional. Indische Missievereniging ing nagari Welandi inggih badé toemot ngedali; ingkang kados makaten poenika manaoet pamanggihipoen pakempalan waoe saèstoe katah goenanipoen, djer tetjjang badé ngertos sapinten prabawanipoen Pasamoewan Soetji ingkang toemandoek dateng tanah djadjahanipoen nagari Welandi.

Sarèhne ngedali setèlingan kados makaten poenika boten sakedik wragadipoen, mila samangké para Katoelik ing nagari Welandi sami keklempek arta, ladjeng kakintoenaken dateng Prof. P. G. Gronen ing Warmond, Giro 17606.

Serat kabar A. I. D. metik pakabaran ing Keng Po, soeraosipoen: kala woelan Sijam poenika ing peken-peken njadé seratan wedalan Djepang. Sindjang seratan wedalan Djepang poenika, andesek seratan damelan Indonesièrs Djawi. Margi, . . . reginipoen langkoeng mirah 40%<sup>0</sup>.

Sindjang wedalan Éropah ingkang sampoen sawatawis lami oegi neba wonten Indonesia, poenika ing bab djor-djoran kalijan seratan wedalan Solo toewin Pekalongan boten patosa ngadjrib-adjribi tinimbang wedalan Djepang waoe. Djer, badé ingkang kaanggé wedalan Éropah sakalangkoeng mirah dados boten patos saé. Wangsoel Djepang kwaliteit-ipoen sami kalijan wedalan Indonesia, mila moetawatosi sanget dateng panggaotan njerat ing Indonesia ingkang sampoen misoewoer poenika . . . Makaten oenggelipoen A. I. D. waoe.

Maos pakabaran ing nggiling poenika kabangsan Indonesièrs mesti saja katetangi. Poenapa-poenapa kita boten gadah. Tanah kita boten wonten tangan kita. Oelam kita, katjepeng ing bangsa sanès. Pamelikan-pamelikan, lisah latoeng, . . . padagangan katjepeng ing bangsa mantja. Panggaotan njerat semanten oegi. Kita ingkang katah-katah namoeng dados batoer, dados antèk. Bangsa kita pijambak, katah-katah ipoen namoeng dados toekang ambatik, toekang kerok, toekang ambarabar. Toer sasat boten merdika, déning katjentjang ing voerschoot ingkang boten naté saged moendati. Begdja-begdjanipoen kita namoeng dados djoeroe seratipoen, ingkang sami oegi kalijan dados batoer. Poenapa boten memelas? Poenapa boten ngeres-eresi?

Poenapa ingkang dados moendoeripoen panggaotan njerat waoe?

Pitakén poenika koela wangsoeli mawi andaranipoen Java Bode kala ngandaraken prakawis wontenipoen batikproefstation ing Mataram ingkang dipoen-pangagangi Ir. Soerachman. Serat kabar poenika njarijosaken: moendoeripoen panggaotan seratan poenika margi kaom terpeladjar bangsa Djawi sami manganggé gagrag Éropah. Roemijin sami nganggé sindjang, sapoenika sami nganggé tjana. Iketipoen kedesoek déning koeploek.

Patjar Mèrah boten saged anglepataken prijantoen ingkang sami pantalonan poenika. Djer prijantoen-prijantoen poenika kesempjok ing ombaking djaman. Sarta ing ngriki koela inggih boten badé ngrembag awon saénipoen bebedan toewin pantalon. Djer rembag bebedan kalijan pantalon poenika manawi karembag saged ngandar-andar. Sisip sembiripoen malah saged anatoni salah satoenggiling golongan.

Ngèneti djaman, ombaking djaman modern, ingkang anempjok bangsa kita, boten maiben bilih Java Bode ladjeng njarijosaken: moendoeripoen panggaotan ambatik waoe ingkang bakoe margi soedagar-soedagar seratan pabrik-pabrik seratan gadahanipoen Indonesièrs sami boten angetoet lampahing djaman. Boten minangkani panedaning djaman.

Prakawis techniek babar pisan boten dipoenmanah. Inggih leres sapoenika tetijang sami migoenaken tjap minangka gegentosing tjanting. Nanging tjap waoe inggih boten nama sampoerna. Semanten oegi babagan tjampoeran warni, ing ngriki inggih taksih kontit sanget.

Djoeragan-djoeragan seratan kedah angèneti tigang prakawis ing

ngandap poenika: 1 damel sindjang manaoet panedaning djaman. 2. ngadani tjorak énggal ingkang nenarik manah. 3. mirahaken wragad masaproductie sarana tjara panjamboet damel ingkang rikat, irid, sarta gampil.

Makaten welingipoen serat kabar Java Bode.

Swara Tama taen kapengker, kalanipoen Hoofdredacteur kita ingkang sapoenika énggal-énggalan angadjawi, inggih naté njoengolaken prakawis poenika: soepados tetijang ngriki sampoen sanget-sanget anggènipoen angekahi modèl kina. Kita kedah saged ngadani pola gagrag énggal ingkang laras kalijan panedaning djaman. Malah kala semanten mawi anggepok kasoelah (kasuifel) seratan ingkang ka-agem ing Imam salebetipoen ngoendjoekaken Koerban Mis Soetji.

Manah dateng loemebeting seratan ngamantja wonten tanah kita, kita kedah prihatos.

Sapoenika saja tjeta bilih kanggé ngadjengaken batikan kita, para soedagar sindjang Indonesièrs kedah amboedidaja ingkang saèstoe saged ipoen batikan wedalan Indonesia ngesoek dateng nagari sanès ing Éropah, Amèrikah toewin sanès-sanèsipoen. Sapoenika djoeragan-djoeragan sindjang kedah manah saèstoe dateng organisatie-ning panggaotanipoen. Bokmanawi toemrap prakawis poenika, pambantoe Swara Tama babagan ékonomi saodera Andaja saged soeka oelar-oelar ingkang gamblang sakétja katindakaken. Kadjawi poenika tjiang inggih kedah gawandéngan kalijan proefstation-batik ingkang kanti lega badé soeka igoeh pratikel bab prakawis seratan.

Perloe oegi kita saged amawiti tetijang ingkang ngantos saged dados djoeragan seratan. Sageda ingkang sapoenika dados batoer wonten panggaotan njerat gadahanipoen bangsa sanès, ladjeng bawa pribadi. Nanging prakawis ingkang kedah dipoenèneti, sampoen ngantos para djoeragan sindjang sami awatak kolot kados kaseboet ing nggiling.

Rembag ngadjengaken panggaotan njerat, panggaotan nenoen, pantes dados pamanahanipoen pakempalan Wanita Katholiek. Koela ngadjeng-adjeng sanget soepados P. W. K. njamboet damel temenan kanggé ing laladan poenika. Warga W. K. ing Soerakarta wonten ingkang saged njadé seratanipoen dateng tanah mantja oep. Zwitserland. Poenika dadosa tjontjo!

Makaten oegi wontenipoen peken loerik gadahanipoen B. O. ingkang kawontenaken ing Mataram wiwit tanggal 3 doemoegi 7 Maart poenika dadosa panggrèndaning manahipoen pakempalan - pakempalan Wanita Katholiek.

Nanging wantos-wantos welingipoen Patjar Mèrah, manawi tementemen pandjenengan badé angadjegaken satoenggiling prakawis, ingkang bakoe pandjenengan kedah toemindak anjontoni. Sampoen ngantos manawi pandjenengan propagandah ngadjengaken loerik, pandjenengan pijambak taksih ngagem badé wedalan mantja. Manawi makaten tanpa teges anggèn pandjenengan propagandah.

Indonesièrs! Koela atoeri énggal goemréngah. Manawi keladjeng-ladjeng, panggaotan kita badé saja ambles.

Kumuningsasélé 1 Maart 1931. Taklim: Patjar Mèrah.

CORRESPONDENTIE.

— F. S. A. Kita matoer noewoen ing paringipoen pandjoeroeng. Nanging ngentosil selaning papan roemijin. Sampoen andadosaken penggalih.

— Toko boekoe, S. M. Diwarna, di Kota Gedé, Dk. Present exemplaar sampoen katampi. Noewoen!

— R. S. R. ing Bl. Kita ngatoeraken béla soekgawa. Nanging boten saged matjak pandjoeroeng pandjenengan, margi poenika dédé prakawis oemoem. Sampoen andadosaken penggalih!

Red.

N. V. H. D. Mac. Gillavry Amb. Uw. Kalender 1931 in goede orde ontvangen M. h. d.

Adm.

— Ngriki namoeng mangajoebagya. Sokoer manawi wonten sadèrèk ingkang karsa oeroen-oeroen poenapa kémawon ingkang kénging dipoenanggé ngedali setèlingan waoe.

LUTTAUEN. Tradjanging negari saja tjeta anti-Katoelik.

Soelaja kalijan grondwet art. 15 lan malih kalijan concordat art. 2 direksi post njandet nawalanipoen para K. Biskop ingkang mrotos dateng tradjanging negari soelaja kalijan concordat, oet. ingkang mangsoeli dateng pangawon-awonipoen

negari dateng Pasamoewan Soetji. Makaten oegi kintoen-kintoenanipoen bureaux central „Aksi Katoelik” pakempalan - pakempalan student Katoelik” sami dipoenarobiroe ing direksi post.

Golongan Katoelik ladjeng ngwontenaken postdienst pijambak; lan malih ngwontenaken comité kanggé njantosakaken golonganipoen. Gotrah Katoelik boten telas manahipoen sanadjan sampoen kétéjalan leideripoen satoenggal: Karvelis, tilas minister, ingkang tg. 11 Djan. kaboetjal.

